

## Fòm Preferans pou Dezamòsman

Non kliyan an:	Dat Nesans (mwa/jou/lane):
Nimewo Sekirite Sosyal:	Dat Admisyon (mwa/jou/lane):
Sitiyasyon legal:	

Fòm sa a se yon gid pou ranmase enfòmasyon nan men kliyan pou devlopman estrateji pou dezamòse ajitasyon ak detrès pou evite kontrent ak izolasyon. Yo rekòmande pou itilize fòm sa a nan tout etablisman ki entènè malad, sal dijans sikyatrik, estabilizasyon kriz ak lòt inite divèsyon, lè sa endike medikalman. Endikasyon yo enkli antesedan oswa pwobabilite pèt kontwòl oswa enpilsyon agresif. Apre revizyon medikal lan, enfòmasyon w jwenn nan dwe enkòpore nan plan tretman pou malad sa a.

1. Li itil pou nou konsyan de bagay ki ka ede w santi w miyò lè w pa nan san w. Èske janm genyen youn nan bagay ki site anba a ede w? Nou ka paka ofri w tout bagay sa yo men mwen ta renmen pou nou travay ansanm pou nou detèmine kouman nou ka pi byen ede w pandan ke w isit la.

(Tcheke aktivite ke moun nan di ki ede l)

- |  |   |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> tan repo volontè nan yon kote kal<br><input type="checkbox"/> chita bò estasyon enfimyè yo<br><input type="checkbox"/> pale ak yon lòt kliyan<br><input type="checkbox"/> pale ak pèsònèl la<br><input type="checkbox"/> fè yon moun kenbe men w<br><input type="checkbox"/> fè yon moun anbrase w<br><input type="checkbox"/> toupizi yon zòrye<br><input type="checkbox"/> ekri nan yon kanè/journal<br><input type="checkbox"/> egzèsis respirasyon pwofon<br><input type="checkbox"/> al fè yon ti mache ak pèsònèl la<br><br><input type="checkbox"/> pran yon beny cho<br><input type="checkbox"/> vlope kò w nan yon dra<br><input type="checkbox"/> mete men w sou dlo frèt<br><input type="checkbox"/> kouche ak yon sèvyèt fre pou figi | <input type="checkbox"/> tandè mizik<br><input type="checkbox"/> li jounal/liv<br><input type="checkbox"/> Gade televizyon<br><input type="checkbox"/> mache nan koulwa yo<br><input type="checkbox"/> rele yon zanmi<br><input type="checkbox"/> rele terapès ou<br><input type="checkbox"/> petri ajil<br><input type="checkbox"/> fè egzèsis<br><input type="checkbox"/> itilize glas sou kò w<br><input type="checkbox"/> lòt bagay? (site yo anba a silvouplè)<br><br><hr/><br><hr/><br><hr/><br><hr/> |
|--|---|

2. Èske genyen yon moun ki ede w lè w fache?  Wi  Non  
 Èske w ta renmen yo vinn vizite w?  Wi  Non  
 Èske nou ka ede nan pwosedi sa a?  Wi  Non

3. Si w ta nan yon pozisyon kote w paka bannou enfòmasyon pou kontinye tretman w lan, èske nou genyen pèmasyon pou nou rele epi pale ak moun sa a (ki site anba a)?  Wi  Non

Non moun pou nou pale avèk li a: \_\_\_\_\_ Telefòn (\_\_\_\_\_) \_\_\_\_\_

Si w dakò pou nou rele pou jwenn enfòmasyon, siyen anba a:

\_\_\_\_\_  
Siyati Kliyan

\_\_\_\_\_  
Temwen

\_\_\_\_\_  
Dat (mwa/jou/lane)

**KONTINYE LÒT BÒ A**

## Fòm Preferans pou Dezamòsman (Paj 2)

4. Kisa ki enève w plis lè w deja fache? Èske genyen kèk “deklannchè” ke w konnen ki ka fè w eksploze?

- |  |  |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> lè moun touche w<br><input type="checkbox"/> lè pòt chanm ou rete ouvè<br><input type="checkbox"/> yon lè nan jounen an (ki lè?)<br><input type="checkbox"/> bri fò<br><input type="checkbox"/> lè w pa genyen kontwòl/paka bay lide w (eksplike) | <input type="checkbox"/> lè w poukont ou<br><input type="checkbox"/> lè w wè moun nan inifòm<br><input type="checkbox"/> yon lè nan lane a<br><input type="checkbox"/> rèl<br><input type="checkbox"/> lòt bagay (site yo silvouplè) |
|--|--|

5. Èske yo janm mete w nan yon fòm kontrent nan yon lopital oswa lòt kad, pa egzanp, nan yon inite estabilizasyon kriz oswa lakay ou?

- Wi       Non      Si wi, mete anba a kilè, kibò, epi kisa ki te pase.

	Fizikman / mekanikman	Chimikman?
Kilè?		
Kibò?		
Kisa ki te pase?		

6. Si san w ap bouyi oswa ou an danje pou fè tèt ou mal oswa yon lòt moun, li ka nesesè pou nou utilize yon kontrent fizik, mekanik, oswa chimik. Nou ka paka ofri w tout chwa sa yo, men si sa vinn nesesè, nou ta renmen konnen ki sa w prefere.

<input type="checkbox"/> yon pyès trankil	<input type="checkbox"/> izolasyon	<input type="checkbox"/> kenbe w fizikman
<input type="checkbox"/> vès sekirite	<input type="checkbox"/> pòt-bebe	<input type="checkbox"/> kontrent chimik
<input type="checkbox"/> Kontrent a 3 repriz <input type="checkbox"/> fas anlè? <input type="checkbox"/> fas atè?	<input type="checkbox"/> Kontrent a 4 repriz <input type="checkbox"/> fas anlè? <input type="checkbox"/> fas atè?	<input type="checkbox"/> lòt bagay? (site yo silvouplè)

7. Eske w genyen yon preferans si se yon fi oswa yon gason ou ta renmen ke yo asiye w pandan epi toutswit aprè kontrent lan?       Pèsònèl fi       Pèsònèl gason       Mwen pa genyen preferans

8. Èske genyen kèk bagay ki ka itil ou pandan yon kontrent?       Wi       Non      Si wi, dekri silvouplè:

---



---

9. Yo ka egzije nou pou nou ba w medikaman si kontrent fizik paka kalme w. Nan ka sa a, nou ta renmen konnen ki medikaman ki te deja ede w nan sitiasyon konsa? Dekri silvouplè.

---



---

10. Nou tcheke chanm yo pou nou asire ke ou byen pandan lanwit lan. Nou ap eseye pou nou fè ke tchèk sa yo pa deranje w le plis ke posib. Èske genyen kèk bagay ki ka fè ke tchèk sa yo pi konfòtab pou ou?

---

**Yo dwe ajoute nan plan pou tretman pasyan sa a fòm preferans pou deazmòsman nan.**

See s. 394.453, and 394.459(4) Florida Statutes

